Cheikh T. Sy

nom du conteur Samba Dione
village - Ganduaye

NDAJE NIT AG GAYNDE

Jolis contes mais absolument aucune analyse

10/20

Boba gayndé moo fi nekk moom: àll bi bépp yelif ñépp, nekk buuru ñépp. Waaye am na ci biir àll bi itam, koo xam ni gaynde xamu ko mësu koo gis, xamul nu mu bindoo. Waaye saa sune rekk gaynde dana gis mbaa mu dégg jaloore waa jooju. Kooku moodi nit.

Nit moom ku am xam-xam la, ku bare pexe, ku yaatu xalaat.
Gaynde buur la ci wàll wi mu feetewoo. Wànte nit itam buuru boppam la. Fas, mbaam, xar, béy maanaam mala yu bare ci waawam la ñuy wéy.

Loolu nagari gaynde lool. Muni fu mu jaar dina seeti nit ba jëfalante ag moom.

Booba nag la dajale njabootam ni leen :
"Man dey damay wuti nit ngir xam ni mu mel te itam ñu leeral su nu digànte ndax ñaari buur mënu ñu fi am"

Mala yi ne ko

"Nit dey ku bare pexe la. Ku xóót nopp, Ku bare mën-mën"

Gaynde ni leen : "Nu nit mën di tollu, lu mu mën di xam mbaa mu baree ko pexe di naa ko seeti.

Mu doon buur ma nekk ci waawam mbaa ma nekk ko muy wéy ci sama ndigël. Te xam naa ni su nu féyxoo may doon buur".

Booba la jóg di dox, di dox, di dox ba dajeeg ab mbaam ; mbaam mu ñu jataŋ, téŋk ko muy tëb di dal.

Ba ko gaynde gisée dafa tiit waaru, mu laaj ko
- Waaw yow yaay kan ?
- Man Maay mbaam
- foo jóge ag kan moo la def li
- maa ngi jóge kër nit, nit moomu moo ma def nii.
- Nit ?
- Waaw
- Kooku doŋ laay wut - moom doŋ moo ma taxa jóg. Waaw nga ni nit moo la def nii ?
- Waaw moom la de - gis nga mënu maa def dara mënu ma dem fu sore.
- Baax na, ba ma gis nit - ndax sore na fi.
- deedeed - mungi ci kanam rekk
- Cey bu ma dajeeg moom ! dina xam ni man rekk maay buur.

.../...

- Mbaam ni ko :

 - Sama waay ! àndal ag sa sago ag sa xel. Nit bare na pexe dey. Gis nga ma, man ni ma tollu te damay wég di matt. Man bañkat laa te gis nga ni ma nit def.

- AH ! di nga xam man maay kan.

Noonu gaynde bayyi mbaam mu dem. Mu awaat yoonom, di dox, di dox, di dox ba diggi njolloor, mu séen fas wu takk sareet muy riddi, di daw xël yu amul dayo. Woowu fas dafa rëccoon di wut fa mu rawe.

Ñu ngi ko laxab - takk ko ab sareet mu koy diri.

Gaynde yuuxu ko.

Ey fas loy daw - Taxawal,

Fas bañ ko addu - Di daw.

Gaynde topp ko, dage ko ba dikke ko kanam ni ko taxawal man gaynde maa lay woo.

Fas ni yow gaynde.

Kooku tontu ko ni ko : Man maay gaynde ; buuri àll bii bépp - ëpp fi doole, mën fi.

Fas tontu ko : yow ngani buur nga ? déedéed. Xàmu ma ndax buur nga am doo buur wànte ki ma def lii itam dey buur la fa mu feetewoo.

- Ku la def lii ?

- Lii dey nit moom ma ko def

- Nit !

- WAAW

- Kooku rekk a ma taxa jóg - Moom doŋŋ lay wut. Moom sax numu mel ?

- Nit dey rëynl, taxu ko sax am doole jooju - dafa texaw ni bànt.

- Gaynde ni : la dafa taxaw ni bànt ? wax ma leneen.

- Fas ne ci tooneet ni : dafa taxaw ni bànt waaye am na ñaari baŋ xaas yuy lang ciy wetam, li mu ci mën dey doy na waar.

Baŋxaas yooy muy wax nag du leneen lu dul loxooy nit.

Gaynde ni EH ! kooku daal mënul ma jaaxal.

- waaw ndax fi nu nekk soreeti na fi

Fas ni ko soreetul dewal rek ba ca kanam di nga gis fa mu dëkk.

Gaynde ba fa fas, delluy dox, di dox, di dox ba lu yàgg. Noonu mu fekk ay xar ag i béy yu ñu yeew ci benn wurmbël. Bu ñu ñag ba mu ni taras - ubbil lunt boo xam ni nit rekk moo ko mën ubbi.

Gaynde daw ba egsi ci ñoom ni leen waaw yéen lan ngeen di def fii ?

Ñoonu tontu ko : Nun dey fii la ñu nekk, dëkk fi.

...

- Waaw ku leen def fii
- Nit moo nu fi duggël. Te moom rekk moo nu fi mën jële - saa su ko neexe rekk mu génnee ñu. Indiwaat nu.
- Nit ! kooku dey moom ma taxa jóg. Ñatti fan a ngi ma di ko wër. Ndax sore na fii.
- Déedéed. Mu ngi ci ganuaaw ndëkk soosu ngay séen. Li nuy dégg muy yëugu ci wàll wee sax dafa mel ni mooma. Kiy gor foofu daal moon rekkla mën doon.
- waaw nit yem na ni man ?
- Mukk ! yaa ko ëpp fuuf. Dafa taxaw ni bànt. Waaye bare na solo, bare pexe, xóót xalaat. Te nag am na luy lang ci wetam ya li mu ci mën déy musiiba la.
Lu jàra moytu la.
- Leegi nag ngeen ni fu mu nekk ?
- Fuu rekk soreetul. Kiy gor foofu daal moom la. Yaa ngiy dégg sémiñamyi ñooy dal noonu.

Noonu gaynde riddiwaat wuti nit. Di daw, di daw ba ni jasaak ci kaw nit, fekk ko muy daanel garab gu rëy te gudd lool.
Mu nuyóo nuyóo bu tar te am doole :
- Assalaa mu aleykum. Mbaa jàmm daal a fi am.
Bi ko nit di laata tontu sax nu
- Man dey nit lay wut - ñeenti fan a ngi ma di ko wër te mënu ma koo teg bët - ndax gisuloo ko ?

Nit ni ko : sama waay yegsi nga maa ngi, man maay nit

Gaynde mer ba bët yi taa mu ni ko
- ma ni bul ma fowe, man kelifa laa ken du ma yab. Waxal ndax gisuloo nit. D
Dama dox ba sonn

Nit ni ko : - Ma ni yegsi nga - man maay nit. Boo ma weesoo dootuloo gis nit. Man maa de nit.

Gaynde ni ko : - yow yaay nit ?

- Man dama dajeeg mbaam ñu téngk ko mu ni yaa ko f def - ag mbaam ni mu day.

Nit ni ko : - Salaaw man la sama mbaam
- Waaw.
- Waaw - Waaw.
Leegi ma doxaat ba dajeeg fas, ñu laxaab ko, takk ko kees nu ñu tudde sareet

Nit ni ko : sama Fas la dafa rëce waaye du dem fu sore, menul raw.
- <u>Gaynde</u> ni kooti :

- Waaw may dox ba gis ay xar yu ñu yeew ci ab wurmbël ag ay béy - ñu bare lool te mënu ñu dem fenn. Ñu ni yow yaa leen moom ?

<u>Nit tontu</u> ko ni : Waaw loolu sama gétt la ma leen defal foofu fu ñuy fanaan.

...